

## AVI PRAKTIK KONFIDANSYALITE

**Deklarasyon konfidansyalite sa-a dekri kijan nou ta ka sèvi ak oswa pataje enfòmasyon medikal w, epitou kijan ou kapab jwenn aksè enfòmasyon sa-a.**  
**Tanpri gade li byen.**

Avi sa-a konsènan kijan Pwogram sante Mobile de Maine (MMHP) kapab sevi ak epi pataje enfòmasyon sante pwoteje ou (PHI). Epitou li di ki dwa ou genyen apwopo PHI w. Avi sa-a aplike pou tout PHI w nou genyen, nenpòt enfòmasyon ki sòti vizit avèk founisè e lekip MMHP oubyen lòt founisè e fasilite yo ki voye PHI w ban MMHP.

Lwa a egzije MMHP kenbe PHI w konfidansyèl, ban ou avi sa-a, epi di ou si yon enfraksyon enfòmasyon ou rive. Fòk nou konfòme avèk avi sa-a, epoutan nou ka chanje avi a nenpòt lè. Tout chanjman ki fèt pral aplike tout PHI w nou genyen. Si nou chanje avi sa-a, nou ta ban w novo avi pwochen fwa ou vizite klinik la, epitou, nou ta mete li sou sit web nou.

Ou gen dwa a resevwa kopi avi sa-a an papye lè ou demann li, menmsi ou dakò resevwa li elektwonikman.

### **Rijan nou ka sèvi avèk epi pataje enfòmasyon sante pwoteje w (PHI)**

Nou mèt sèvi avèk epi pataje enfòmasyon san pèmisyón w fè sa-a pou rezon tretman, peman, ak fonksyonman swen sante. Pa egzanp :

- **Tretman** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w avèk swen osa sèvis medikal. Nou mèt pataje PHI w avèk doktè, enfimyè, travayè swen sante, oubyen lòt moun ki angaje ak swen w. Epitou, nou mèt pataje PHI w avèk founisè ki angaje ak tretman w ki deyò MMHP pou rezon kowòdone sèvis ou bezwen ak founisè swen premye, espesyalis, pou medikaman, tès laboratwa, epi lòt kalite tès.
- **Peman** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w pou jwenn peman pou sèvis nou ban w. Nou pa ta pataje PHI w avèk peyè twazyèm pati apwopo sèvis nou ban w si : (1) ou déjà peye pou sèvis nèt pou kont w, epi (2) ou

demann an ekri MMHP pa pataje PHI w avèk peyè twazyèm pati pou rezon peman.

- **Fonksyonman Swen Sante** : Nou mèt sèvi avèk PHI w pou rezon amelyorasyon kalite, jesyon sante, ak jesyon risk nan MMHP.

**MMHP mèt sèvi avèk epi pataje enfòmasyon sante pwoteje w (PHI) san pèmisyon w fè sa-a nan sitiayson sa yo :**

- **Kote Lwa a Egzije l** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w lè lwa federal, letat, oswa lokal egzije nou fè sa-a.
- **Asosye Biznis** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w avèk founisè ki bay sèvis sou non nou. Founisè sa yo blije dakò, an ekri, pwoteje PHI w.
- **Pwosedi Legal ak Administratif** : Nou ta pataje PHI w si lajistis oswa yon ajans gouvènman kòmande l, oubyen si nou resevwa yon asiyasyon tribinal. Lòd ak asiyasyon blije satisfè kondisyon yo.
- **Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation)** : Nou ta pataje PHI w pou rezon konpansasyon travayè oswa pwogram parèy ki etabli pa lwa an koneksyon avèk revandikasyon benefis apwopo blesi oswa maladi ki rive pandan travay, san konsiderasyon pou kiyès te koze blesi oswa maladi a.
- **Menas Kredib Blese Tèt Ou Oswa Lòt Moun** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w jan li nesesè pou prevni yon menas direk sante oswa sekirite.
- **Aktivite Sante Biblik** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w pou aktivite sante biblik. Pa egzanp : rapò egzijib pou otorite sante biblik pou prevni oswa kontwòl maladi, blesi, oswa andikap ; pou rapòte nessans ak lamò ; pou rapòte abi oswa neglijans timoun ; epi pou rapòte reyakson kont medikaman oswa pwoblem sekirite ak prodwi medikal.
- **Rapòte Abi ak Neglijans** : Nou mèt pataje PHI w avèk yon ajans ki pèmèt pa lwa a resevwa rapò abi, negligans, ak ekplwatasyon kont timoun, granmoun ki andikap, e granmoun depandan.
- **Dwa de Rega Sante** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w ak ajans sante pou asire n ap swiv lwa federal e letat, epi règ pwogram gouvenman tankou Medicare ak Medicaid. Aktivite sa yo kapab konte odit, envestigasyon, enspeksyon, ak lòt aktivite pa enimere isit la.
- **Ofisyèl Lapolis** : Nou mèt pataje PHI w ak ofisyèl lapolis lè lwa a pèmèt nou fè sa-a.
- **Doktè ki Egzamine Kadav ak Mèt Ponp Finèb** : An konfòmite ak lwa a, nou mèt pataje PHI pasyan ki mouri ak doktè ki egzamine kadav ak mèt ponp finèb pou ede yo avèk travay yo.

- **Fonksyòn Gouvenman Espesyal** : Nou mèt pataje PHI w pou fonksyòn gouvenman espesyal, pa egzamp : militè, veteran, sekirite nasyonal, sèvis sekrè, ak ajans enfòmasyon lè lwa a egzije nou pataje enfòmasyon sa-a.
- **Sekou Dezas** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w pou rezon sekou dezas, dèské nou ban w abilite dakò oswa pa dakò pataje l.
- **Rechèch** : Si nou swiv kèk kondisyon yo, nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w pou rechèch.
- **Òganizasyon ki Pwokire Donasyon Ògàn** : Nou mèt sèvi avèk epi pataje PHI w pou rezon donasyon ògàn, je, oswa chè lè lwa a pèmèt nou fè sa-a.

**Lè nou blije jwenn pèmisyon w anvan nou sèvi avèk oswa pataje enfòmasyon sante pwoteje w (PHI) :**

- **Pèmisyon an Ekri** : Eksepte nan sitiyasyon yo ki ekspike anlè epi sòf si lwa a pèmèt l, nou blije jwenn pèmisyon w an ekri pou pataje PHI w.
- **Nòt Terapi Sikyatrik** : Si MMHP kenbe nòt terapi sikyatrik w ki apa lòt dosye, nou pral jwenn pèmisyon w an ekri sòf si lwa a pa egzije nou fè sa-a.
- **Finansman Federal** : Nou blije jwenn pèmisyon w pou sèvi avèk oswa pataje PHI w lè règ finansman federal egzije nou fè sa-a.

Ou gen dwa a revoke pèmisyon w nenpòt lè. Ou kapab revoke pèmisyon w atravè di ofisyé konfidansyalite MMHP an ekri.

**Lòt sitiyasyon nou mèt sèvi avèk epi pataje enfòmasyon sante pwoteje w (PHI) :**

- Nou mèt pataje PHI w pou avize , oswa ede yon lòt moun avize, yon manm fanmi w, yon zanmi, oswa yon lòt moun ki angaje ak swen w sou kondisyon w epi ki kote w ye, si sitiyasyon an satisfè kondisyon espesifik.
- Nou mèt sèvi avèk PHI w pou ban w enfòmasyon sèvis sante.
- Nou mèt pataje PHI w avèk yon manm fanmi w, yon zanmi, oswa yon lòt moun ou presize ki angaje ak swen w oubyen ki peye pou swen medikal w, si sitiyasyon an satisfè kondisyon espesifik.

## HealthInfoNet

MMHP itilize sistèm enfòmasyon sante pou tout letat Maine a ki rele HealthInfoNet. Founisè medikal ki itilize HealthInfoNet kapab pataje PHI ant youn ak lòt lè li nesesè pou bay tretman oswa travay ak lòt founisè pou swen w. MMHP pa pataje PHI ak HealthInfoNet, men MMHP kapab jwenn aksè PHI w ki sòti lòt founisè ki pataje enfòmasyon sa-a ak HealthInfoNet.

Ou gen dwa a refize nou pataje enfòmasyon w ak HealthInfoNet. Pou fè sa-a, kontakte HealthInfoNet nan sit web sa-a ([www.hinfonet.org](http://www.hinfonet.org)) epi ranpli yon fòm refize. Si ou deside refize sa-a, gen risk. Founisè w pa ta ka genyen tout enfòmasyon yo bezwen pou ban w swen. Li ta ka pran plis tan pou ban w swen paske founisè bezwen jwenn kopi papye dosye w. Si ou chwazi refize, ou ka chanje chwa ou pita atravè di HealthInfoNet ou vle enskri tèt ou ankò. Men, si ou chanje chwa w, enfòmasyon ki andan sistèm se selman enfòmasyon ki kreye apre ou ban konsantman w.

## Pwoteksyon Konfidansyalite Espesyal

Lwa federal ak lwa letat gen pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon w ki konfidansyèl menm.

- **Enfòmasyon Sante Mantal:** Si nou genyen enfòmasyon apwopo sèvis sante mantal yon founisè sante mantal te ban w, nou p ap divilje enfòmasyon sa-a nenpòt moun deyò MMHP pou rezon tretman san pèmisyon w, eksepte nan sitiyasyon ijans, pou yon famasi pou jwenn medikaman, oswa pou yon founisè oubyen asirans pou kowòdinasyon ak jesyon swen.
- **Enfòmasyon Pwogram pou Trete Maladi Depandans Dwòg:** Si nou genyen enfòmasyon apwopo depandans dwòg, yon lwa federal espesyal pwoteje 1 (lwa 42 C.F.R. Pati 2), epi nou p ap sèvi avèk oswa pataje enfòmasyon sa-a eksepte jan lwa a pèmèt li. Si nou resevwa enfòmasyon apwopo isaj dwòg oswa lòt sibstans ki sòti yon lòt pwogram, nou pral pwoteje enfòmasyon sa-a menm jan nou pwoteje tout lòt enfòmasyon w,
- **Enfòmasyon SIDA:** Si nou genyen enfòmasyon apwopo sitiyasyon SIDA w ( pa egzanp, rezulta tès SIDA oswa dosye medikal ki gen enfòmasyon SIDA ladan), lwa a nan Maine bay plis pwoteksyon enfòmasyon sa-a. Nou p ap sèvi avèk oswa pataje enfòmasyon sa-a eksepte kote lwa a pèmèt li.

## Dwa ou genyen avèk Enfòmasyon Sante Pwoteje w:

- **Dwa a wè epi kopye:** Ou gen dwa a wè epi jwenn kopi dosye w atravè ranpli yon fòm pou demann sa-a. Pou kèk sitiyasyon, nou ta ka refize demann sa-a. Ou kapab demann yon revizyon desizyon sa-a,
- **Dwa a modifye:** Ou gen dwa a mande nou modifye, fè koreksyon, oswa klarifye dosye w. Nou pral kenbe demann sa-a nan dosye tretman w, men nou ka mete yon repons demann nan tou. Ou pral resevwa yon kopi repons nou. Si ou mande yon chanjman lòt pati dosye w, nou ka refize demann w. Nou pral ban w rezon nou pou refi an ekri.
- **Dwa a demann divilgasyon dosye w:** Ou mèt mande yon rapò de chak fwa nou te pataje enfòmasyon w depi sis (6) ane. Rapò sa-a p ap konte fwa nou te

pataje enfòmasyon w avèk ou oswa yon lòt moun akòz demann w, pou tretman w, peman, rezon operasyon, oswa lòt enfòmasyon ki pa egzije pa lwa a.

- **Dwa a demann restriksyon:** Si ou vle mande nou limite pataj enfòmasyon w, ou ka mande MMHP epi di ki enfòmasyon ou vle limite epi ki moun pa ta jwenn aksè enfòmasyon sa-a. Nou selman ka limite enfòmasyon pou konpayi asirans si ou peye pou kont ou.
- **Dwa a kominikasyon konfidansyèl:** Ou mèt mande nou kontakte w nan fason diferan oswa nan adrès diferan. Nou pral dakò demann rezonab, men nou ka dakò a kondisyon. Pa egzanp, nou kapab mande w plis detay kijan nou ka kontakte w, oswa kijan ou pral peye.

## Plent

Si ou panse MMHP te fè enfraksyon kont dwa konfidansyalite w, ou gen dwa pote plent ak MMHP oswa ak Depatman Sante ak Sèvis Imen Ozetazini. Ou kapab pote plent MMHP atravè voye lèt ban adrès ki anba. Nou pa pini w akòz nenpòt plent ou genyen.

Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa-a, praktik konfidansyalite nou, oubyen dwa w, tanpri kontakte :

Ofisyé Konfidansyalite  
Pwogram Sante Mobil de Maine, Inc.  
P.O. Box 405  
Augusta, Maine 04332  
1-888-351-9634